



Pou Piblikasyon Imedya: 03/12/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINANMAN KI BAT REKÒ POU AMELYORE
PWOTEKSYON AK SEKIRITE ÒGANIZASYON KI GEN RISK SIBI KRIM RAYISANS
OSWA KRIM TEWORIS YO**

***Investisman Eta a ki prèske 63.9 milyon dola atravè pwogram Sekirize Kominote
yo kont Krim Rayisans pral finanse pwojè nan 336 òganizasyon kominotè atravè
Eta a***

***Nan kad lidèchip Gouvènè Hochul, finansman pou pwogram nan ogmante
siyifikativman; Eta a bay plis pase 131 milyon dola nan sibvansyon depi 2021***

***Yon lòt 44.8 milyon ndola an finansman federal pral ede 223 òganizasyon san bi
likratif nan tout eta a ranfòse sekirite etablisman yo ak preparasyon an jeneral***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yon investisman eta a ki bat rekò ki prèske 63.9 milyon dola pou ranfòse mezi pwoteksyon ak sekirite nan òganizasyon kominotè san bi likratif ki gen risk sibi krim rayisans oswa atak akòz ideyoloji yo, kwayans yo oswa misyon yo. Disponib atravè pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans (Securing Communities Against Hate Crimes, SCAHC) nan Eta a, finansman an pral sipòte pwojè enteryè ak eksteryè ak amelyorasyon sibèsekirite nan 336 òganizasyon atravè Eta a. Anba lidèchip Gouvènè Hochul, finansman pou pwogram nan ogmante anpil: Avèk finansman ki te anonse jodi a, Eta Nouyòk te bay yon total 131.5 milyon dola nan sibvansyon depi 2021.

Gouvènè te mete aksan tou sou 44.8 milyon dola nan finansman federal pou sipòte efò 223 òganizasyon san bi likratif k ap fè fas a yon ogmantasyon risk teworis yo, oswa lòt atak ekstremis, pou ranfòse sekirite etablisman yo, ansanm ak amelyore preparasyon yo anjeneral. Finansman sa a, ke Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) lan founi atravè Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif (Nonprofit Security Grant Program, NSGP), ap repati bay Nouyòk atravè de prim separe - 36 milyon dola pou òganizasyon nan Zòn Metwo Vil Nouyòk ak 8.8 milyon dola pou òganizasyon yo nan tout rès eta a. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services) nan Eta Nouyòk jere pwogram sa yo nan kolaborasyon etwat avèk entèvenan lokal yo.

"Kreye yon plas kote tout Nouyòkè yo santi yo an sekirite, aksepte ak sipòte — kèlkeswa sa ki diferansye yo — se youn nan pi gwo priorite mwen, e mwen angaje m pou m itilize tout zouti posib pou fè sa", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Done yo klè: Nouyòk vin pi an sekirite depi lè m te antre an fonksyon an 2021, men gen plis bagay ki dwe fèt pou sispann rayisans ak anpeche vyolans nan kominote nou yo. Avèk nouvo investisman sa yo, n ap bay òganizasyon kominotè yo resous yo bezwen pou pwoteje tèt yo epi bay sèvis yo nan yon anviwonman ki an sekirite."

"Nouyòk se yon eta ki anrasinen nan tolerans ak akseptasyon, ki makònen ak rèv ak aspirasyon plizyè milyon moun." **Gouvènè Adjwen Delgado te deklare.** "Anons finansman jodi a, ki pral ofri resous enpòtan pou patnè kominotè nou yo ki gen risk sibi krim rayisans yo, se yon lòt etap solid nan asire tout Nouyòkè yo gen dwa pou yo kouri dèyè rèv sa yo san rayisans ak vyolans."

Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl la, Rossana Rosado, te deklare, "Òganizasyon kominotè san bi likratif yo bay pwogram ak sèvis enpòtan nan kominote yo atravè Eta a. Anplwaye k ap travay pou pwogram sa yo ak moun y ap sèvi yo gen dwa pou yo an sekirite epi pou yo viv san rayisans. Mwen aplodi Gouvènè Hochul pou ekspansyon enpòtan li nan pwogram sa a ak angajman kontinyèl li pou asire DCJS gen finansman li bezwen pou sipòte fòs lòd lokal nou yo ak patnè kominotè yo."

Komisè Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans lan, Jackie Bray, te deklare, "Òganizasyon san bi likratif Nouyòk yo nan premye liy misyon yo chak jou, y ap sèvi kominote yo epi ede moun ki nan bezwen yo. Yo merite tout resous posib pou pwoteje tèt yo kont atak teworis yo epi asire yo ke yo ka kontinye fè travay yo san yo pa pè pou sekirite yo. Sibvansyon sa yo pral ede ranfòse sekirite epi pèmèt òganizasyon sa yo prepare nan ka yon ijans."

Lidè Majorite Sena a, Charles Schumer, te deklare, "Mwen te goumen anpil pou bay yon ogmantasyon nan Pwogram Sibvansyon Sekirite pou San Bi Likratif federal la pou òganizasyon ki gen risk sibi krim rayisans ak laterè kapab ogmante pwoteksyon ak sekirite pou manm yo ak kominote yo. Sa te lakòz premye finansman sipleman tè pou NSGP ki te pase nan Lwa Sipleman tè sou Sekirite Nasyonal nan mwa avril la, ki te bay pi wo nivo finansman federal pou NSGP nan yon sèl ane. Soti nan Lwès Nouyòk rive nan Long Island, yo ap envesti 44 milyon dola plis nan finansman federal pou asire ke 223 òganizasyon san bi likratif atravè Eta a ka ranfòse sekirite ak ogmante preparasyon. Mwen te goumen pou jwenn finansman pou Sibvansyon Sekirite pou San Bi Likratif FEMA a nan pwojè lwa finans ane pase a, e mwen kontan li fè yo pou Nouyòk jodi a. Mwen rekonesan pou travay Gouvènè Hochul pou fè pou sèvi ak dola federal sa yo ak pou investisman konplèman tè li nan men Eta Nouyòk pou kenbe tout kominote yo an sekirite."

Lidè Majorite Sena Eta a Andrea Stewart-Cousins, te deklare "Nou nan Majorite Sena a te travay di ak patnè nou yo pou asire ke rayisans pa gen plas isit la nan Eta Nouyòk. Ane sa a, nou te elaji lis ofans yo konsidere kòm 'krim rayisans yo' epi nou te bay finansman pou efò prevansyon kont krim rayisans yo pou ede konbat

diskriminasyon ak rayisans ki gen ladan 35 milyon dola pou DCJS pou sipòte Pwogram Sibvansyon pou Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te ede jwenn finansman sa a. Sa pral ede 336 òganizasyon kominotè yo konbat rayisans, anpeche diskriminasyon, epi amelyore mezi pwoteksyon ak sekirite yo."

Manm Asanble Jeffrey Dinowitz te deklare, "Pandan krim rayisman yo kontinye menase sekirite ak inite kominote nou yo, envestisman san parèy sa a nan pwogram Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans yo se yon etap enpòtan pou asire ke chak Nouyòkè santi yo an sekirite ak pwoteje. Lejislasyon sa a priyoreze sekirite òganizasyon ki gen risk sibi atak akòz ideyoloji yo oswa misyon yo epi voye yon mesaj pwisan ke rayisans pa gen plas nan eta nou an. Lajan sa yo pral pèmèt òganizasyon kominotè yo ranfòse sekirite ak rezistans yo, kreye espas ki pi an sekirite pou moun tout orijin yo pwospere. Mwen fyè pou m sipòte inisyativ sa a epi m rete angaje m pou m kanpe kont rayisans sou tout fòm li yo."

Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services) Eta, ki administre Sibvansyon pou Sekirize Kominote yo kont Krim Rayisans lan, te akòde finansman pou 336 òganizasyon nan tout eta pou pwojè ki bay yon total 63,898,817 dola. DCJS ap avèti aplikan sibvansyon ki gen siksè yo sou sibvansyon yo apati jodi a; ajans lan pa divilge non òganizasyon yo paske sa ta reprezante yon risk sekirite.

Finansman pou Sekirize Kominote yo Kont Krim Rayisans pa rejyon:

- Vil Nouyòk: \$34,604,077 pou 178 òganizasyon
- Mid-Hudson: \$16,568,449 pou 87 òganizasyon
- Long Island: \$7,588,979 pou 41 òganizasyon
- Rejyon Kapital: \$1,818,951 pou 10 òganizasyon
- Lwès Nouyòk: \$1,505,631 pou nèf òganizasyon
- Finger Lakes: \$688,970.61 pou kat òganizasyon
- Southern Tier: \$599,500 pou twa òganizasyon
- Mohawk Valley: \$397,836 pou de òganizasyon
- Nouyòk Santral: \$126,424 pou de òganizasyon

Atravè pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif federal la, yo bay yon total 454.5 milyon dola nan tout peyi a nan ane fiskal 2024 la. Nan kantite lajan sa a, yo te rann 227.25 milyon dola disponib nan finansman pou òganizasyon san bi likratif ki sitiye nan youn nan Inisyativ Sekirite Zòn Iben (Urban Areas Security Initiative, UASI) ki deziyen zòn iben ki gen gwo risk. Yo te rezève rès 227.25 milyon dola pou jiridiksyon ki an deyò zòn UASI deziyen yo.

Depans akseptab yo enkli planifikasyon tankou jesyon risk sekirite, kontinwite operasyon yo, ak plan repons; ekipman, ki gen ladan amelyorasyon sekirite fizik ak sistèm enspeksyon/depistaj ekipman: fòmasyon tirè aktif ak fòmasyon sekirite pou anplwaye oswa manm kongregasyon: egzèsis entèvansyon, ak pèsònèl sekirite ki gen kontra.

Nan Nouyòk, zòn iben ki gen gwo risk UASI deziyen nan eta a se Zòn Metwo Vil Nouyòk la. Espesyalman, sa gen ladan Vil Nouyòk, ansanm ak Konte Westchester, Nassau ak Suffolk.

Enfòmasyon sou Divizyon Sèvis Jistis Penal la

Divizyon Sèvis Jistis Penal Eta a se yon ajans sipò jistis penal ki gen plizyè fonksyon ak yon bann seri responsabilite, ki gen ladan yo fòmasyon pou fòs lapolis yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta yo; antretyen dosye enfòmasyon istwa kriminèl ak anprent yo; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a, an patenarya avèk Lapolis Eta Nouyòk la; finansman ak sipèvizyon pou pwogram libète kondisyonèl ak pwogram penitansye kominote yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis penal toupatou atravè eta; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl eta a (Sex Offender Registry).

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans](#) (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) la ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv DCJS sou [Instagram](#), [Facebook](#), [LinkedIn](#), ak [X/Twitter](#), oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)